



Òganizasyon Planifikasyon Transpò Sid Jersey

817 East Landis Avenue, 2nd Floor
Vineland, New Jersey 08360

www.sjtpo.org
(856) 794-1941
(856) 794-2549 (fax)

Ap desèvi konte Atlantic, Cape May, Cumberland, ak Salem depi 1993.

Tit VI Avi pou Piblik la

Òganizasyon Planifikasyon Transpò Sid New Jersey (SJTPO) enfòmè piblik la ke se politik SJTPO pou asire respè total Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, Lwa Restorasyon Dwa Sivil 1987 la, Dekrè Egzekitif 12898 sou Jistis Anviwònman, ansanm ak lòt lwa ak règleman ki gen rapò ak non-diskriminasyon nan tout pwogram, aktivite ak operasyon li yo.

SJTPO garanti okenn moun oswa gwoup moun pa dwe, sou baz ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, laj, zansèt, nasyonalite, sèks, andikap, relijyon, oryantasyon afektif oswa seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, nivo revni, kapasite pou li, ekri oswa pale angle, ekskli nan patisipasyon, refize avantaj, oswa sibi diskriminasyon oswa reprezay nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt nan kad pwosesis planifikasyon transpò metwopolitèn ki finanse pa gouvènman federal SJTPO ap jere, kit aktivite yo finanse pa lajan federal oswa non.

SJTPO aplike tou yon politik pou asire tout plan, pwogram, pwosedi, politik ak aktivite li yo pa gen efè negatif ki pa pwopòsyonèl sou popilasyon minoritè ak popilasyon ki gen ti revni, epi yo bay avantaj pwopòsyonèl pou popilasyon sa yo. Kominote minoritè yo ak kominote ki gen ti revni yo, jan resansman Etazini an idantifye yo, ap angaje pou fasilite patisipasyon yo yon fason total ak ekkitab nan pwosesis planifikasyon transpò metwopolitèn nan. Anplis, SJTPO ap bay aksè ki gen sans nan sèvis pou moun ki gen konpetans limite nan lang angle.

Konsènan distribisyon fon federal bay soubenefisyè ki kalifye yo, SJTPO ap enkli dispozitif Tit VI nan tout akò ekri ki fèt atravè òganis administratif li a, South Jersey Transportation Authority (SJTA), epi li ap kontwole akò sa yo pou asire konfòmite.

Koòdonatè Tit VI SJTPO a, an kolaborasyon ak Direktè Egzekitif SJTPO a, responsab pou inisye epi siveye Pwogram Tit VI òganizasyon an, prepare rapò aspsye yo, ansanm ak lòt egzijans ak responsablite ki anba Tit 23 Code of Federal Regulations (CFR) Pati 200 ak Tit 49 CFR Pati 21.

Tout moun ki kwè yo te sibi yon blesi akòz yon pratik diskriminatwa ilegal pa SJTPO anba Tit VI a gen dwa depoze yon plent fòmèl. Plent sa a dwe depoze alekri lè l itilize [form](#) ki prevwa pou rezon sa a oswa an pèsòn ak Kowòdinatè Tit VI SJTPO a, nan lespas san katreven (180) jou apati dat pretandi zak diskriminatwa a oswa dat notifikasyon zak sa a.



Òganizasyon Planifikasyon Transpò Sid Jersey

817 East Landis Avenue, 2nd Floor
Vineland, New Jersey 08360

www.sjtpo.org
(856) 794-1941
(856) 794-2549 (fax)

Ap desèvi konte Atlantic, Cape May, Cumberland, ak Salem depi 1993.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Dwa Sivil SJTPO a ak pwosedi pou depoze yon plent, vizite www.sjtpo.org/TitleVI, voye mèl TitleVI@sjtpo.org, kontakte (856) 794-1941, oswa vizite biwo SJTPO a.



Òganizasyon Planifikasyon Transpò Sid Jersey (Benefisyè)

Pa: _____

[Signature]
Siyati Ofisyèl Otorize a

Date Siyati Ofisyèl Otorize a: _____ 12 me 2026